

Avoka Jeneral New York [New York Attorney General]

- ▶ Ou pral resevwa yon kat ID ACP lè ou fin enskri
- ▶ ACP a bay yon adrès legal ranplasan pou itilize alapas adrès fizik ou
- ▶ ACP a ap voye tout lèt premye klas ak sètifye yo ki soti nan adrès ranplasan w lan ale nan adrès aktyèl ou
- ▶ Antanke patisipan, ou deziyen Sekretè Deta NY la kòm ajan pou sèvis pwosesis dokiman legal yo
- ▶ Pake yo (sof pou preskripsyon yo ak sila yo yon ajans gouvènmantal voye) pa pral transfere
- ▶ Pwogram lan travay sèlman si agresè w la pa konnen kote ou abite
- ▶ Enfòmè zanmi, fanmi ak biznis yo wap travay la ke ou se yon patisipan epi fè yo itilize adrès ACP ou
- ▶ Kenbe pèsònèl ACP a ajou avèk adrès postal aktyèl ou an

Angajman

ACP a angaje pou bay sèvis transfè ki pi sekirize ak efikas posib pou patisipan yo nan Pwogram lan. Travay avèk diferan sèvis ajans eta ak lokal ansanm avèk defansè viktim yo, biwo nou an ofri sèvis li yo kòm yon pati enpòtan nan yon plan sekirite pou viktim yo.



NEW YORK STATE

Pwogram Konfidansyalite Adrès

Address Confidentiality Program

P.O. Box 1110

Albany, NY 12201-1110

Telefòn: (518) 474-7306

Telefòn Gratis: (855) 350-4595

Faks: (518) 474-0709

Imel: acp@dos.ny.gov

www.dos.ny.gov

11/19 HT



NEW YORK STATE

Pwogram Konfidansyalite Adrès

▶ Èske ou se yon viktim vyolans domestik, asèlman kriminel, ofans seksyèl, ak/oswa trafik imen?

▶ Èske ou gen laperèz pou agresè w pa jwenn ou?

***Pwogram Konfidansyalite
Adrès yo nan Eta New
York [New York State
Address Confidentiality
Program (ACP)] ka ede
w kenbe konfidansyalite
lakay ou, lekòl ak adrès
travay.***

Kisa ACP ye?

Pwogram Konfidansyalite Adrès New York [New York's Address Confidentiality Program (ACP)] pèmèt viktim vyolans domestik, asèlman kriminèl, ofans seksyèl, ak/oswa trafik imen pou pwoteje adrès aktyèl yo. Depi ou fin aplike epi kalifye pou pwogram gratis sa a, ACP pral ba ou yon bwat postal Albany ke ou ka itilize kòm adrès ofisyèl ou. Ajans gouvènman lokal ak Eta yo gen obligasyon pou aksepte adrès ACP ou. Konpayi prive yo (depatman magazen, konpayi sèvis piblik yo, elatriye.) pa oblije aksepte adrès ranplasan sa a- men anpil pral aksepte l men gen lòt ki kapab aksepte l si ou eksplike yo pwogram ACP a. Ou ka mande tou pou yo remèt Sekretè biwo lapòs nan Albany dokiman tribinal la, yo pral alòs transfere yo pa kourye sètifye nan adrès konfidansyèl ou.

Kimoun ki kalifye?

Pwogram lan disponib pou viktim vyolans domestik, asèlman kriminèl, ofans seksyèl, ak/oswa trafik imen ki te oblije deplase oswa planifye pou deplase nan yon nouvo lokasyon pou rezon sekirite. Lòt moun kap viv nan menm kay avèk viktim lan (pa egzanp: pitit, paran, patnè oswa frè/sè) ka elijib pou patisipe tou.

Kijan ACP fonksyone?

Ou dwe konplete epi soumèt yon aplikasyon ACP. Depi ou fin apwouve ak enskri nan pwogram lan, ou pral resevwa pa lapòs yon kat idantifikasyon ACP ki gen ladan non w ak nouvo adrès ranplasan. Ou ka itilize adrès sa a pou resi tout kourye premye klas, anrejistre ak sètifye yo. Lèt sa pral vini nan pwogram ACP a e apres a yo pral voye l ba ou nan adrès fizik aktyèl ou an (yo pa p transfere ba ou kourye twazyèm klas, tankou katalòg). Ou ta dwe toujou itilize adrès ranplasan w avèk ajans gouvènman nan nivo eta ak lokal. Se chwa w pou itilize adrès la avèk konpayi prive yo (depatman magazen, bank, konpayi sèvis piblik yo, elatriye.). Si nesesè, ou ka itilize kat idantifikasyon ACP w pou verifye patisipasyon ACP ou. Wap enskri nan pwogram lan pou katran; ou ka re-aplike si ou bezwen kontinye nan pwogram lan.

Adrès ACP sanble tankou sa a:

Chris Smith
ACP 1234
P.O. Box 1110
Albany, NY 12201-1110

Kijan mwen ka aplike?

Fòm aplikasyon yo disponib nan www.dos.ny.gov/acp Sitwèb la gen tou yon lis ajans avèk anplwaye ki kapab eksplike pwogram lan epi ede viktim yo avèk pwosesis aplikasyon an.

Oswa, kontakte biwo nou an e nou ka voye ba ou yon fòm pa lapòs, faks oswa imèl. Epitou, nou ka ede w ranpli aplikasyon an. Oswa nimewo telefòn gratis nou an se 1-855-350-4595

Lòt resous yo nan Eta New York

- **Liy telefòn dirèk Eta New York pou Agresyon Seksyèl ak Vyolans Domestik** 1-800-942-6906
- **Biwo Eta New York pou Prevansyon Vyolans Domestik [New York State Office for the Prevention of Domestic Violence]** www.opdv.ny.gov
- **Kowalisyon Eta New York kont Vyolans Domestik [New York State Coalition Against Domestic Violence]** www.nyscadv.org 518-482-5465
- **Kowalisyon Eta New York kont Agresyon Seksyèl [New York State Coalition Against Sexual Assault]** www.nyscasa.org
- **Sant Resous Trafik Imen [Human Trafficking Resource Center]** 1-888-373-7888
- **Avoka Jeneral New York [New York Attorney General]** <https://ag.ny.gov/feature/human-trafficking>